



Kominikasyon Asanble Kontinantal Rezo Jezuit pou Migran yo

7 rive 11 novanm 2022

Asanble Rezo Jezuit pou Migran yo, ki genyen plis pase 80 enstitisyon edikativ ladann, tankou pawas, zèv ak moun ki bay akonpayman total kapital (entegral) ak moun ki blije kite peyi yo pran wout migrasyon (migran fòse yo) ak refijye yo atravè kontinan an, nou ratifye angajman nou ak yo, nou ekspriye enkyetid nou epi :

- Nou egzije Leta yo pou yo respekte ak garanti dwa moun ak diyite yo, pou retabli dwa azil la epi fè pwomosyon pou altènativ reyalis pou regilarizasyon migratwa, yon jan pou fasilite entegrasyon rejyonal ak aksè a dwa migran yo.
- Nou ankouraje ajans Nasyonzini yo pou yo ranfòse manda yo, yon jan pou yo pote yon repons entegral.
- Nou ankouraje ajans kowoperasyon entènasyonal yo pou sipòte ak ankouraje inisyativ lokal yo ki reponn ak bezwen reyèl migran yo ak fanmi yo.
- Nou mande sosyete sivil la pou konprann wòl pozitif migrasyon an genyen nan kominote yo.

Nou gen anpil enkyetid lè nou gade kouman nan kontinan an politik restriksyon yo monte byen wo, militarizasyon, soutretans fwontyè yo ak enposibilite pou mande azil: tout bagay sa yo fè trajektwa vilnerabilite yo vin gen jounen jodi a yon dimansyon kontinantal. Desizyon politik sa yo, mete nou chak pi lwen objektif pou rive gen yon migrasyon ki enfòm, ki akonpaye e ki pwoteje; okontrè, desizyon sa yo vin debouche sou vyolans nan peyi orijin, tranzit ak destinasyon, epi vin gen yon pi gwo bezwen pou pwoteksyon dwa moun ki imigre yo.

Nou rekonèt tou koripsyon, enpinite, inegalite, afeblisman demokrasi ak vyolans politik ak sosyal nan peyi yo vyole dwa moun pou yo rete nan teritwa yo. An menm tan, gen lòt kòz ki parèt, tankou migrasyon pou rezon sosyo-anviwòmantal kòm konsekans vyolans kont gwo tonton Kay Komen nou an (mond lan). Nou ekspriye solidarite nou ak pèp sou kontinan an, sitou sila yo ki soufri anba gouvènman otorite yo.

Fas a reyalye sa a, nou menm ki se yon pati nan Konpayi Jezi a (Pè Jezuit yo) ak Legliz Katolik la, nou konsidere ke nou dwe reponn avèk odas ak kreyativite, pandan n ap suiv apèl Pap Franswa fè nou pou akeyi, pwoteje, ankouraje ak entegre migran yo. Pou sa, nou angaje tèt nou pou:

- Mete nou pi pre epi akonpaye migran yo ak fanmi yo, sitou sila ki pi fèb yo, detan n ap ankouraje pou yo jwe yon gwo wòl nan tout pwopozisyon ki fèt pou rive fè tabli yon migrasyon avèk diyite.
- Ankouraje aksyon solidarite, akèy ak rekonsilyasyon nan kominote yo, yon jan pou elimine rasis, diskriminasyon ak zenofobi.
- Fè pledwaye pou transfòmasyon politik sa yo ki blese yon sèl kòd fanmi ke nou ye, yon fanmi ke migran yo reprezante sou tout latè, detan n ap ankouraje yon gouvènans migratwa rejyonal, nasyonal ak lokal ki chita sou yon apwòch dwa moun.
- Fè pwomosyon yon konpreyansyon kritik, afon epi ki kole kole ak reyalye migratwa yo ki rele nou.
- Kontribye avèk tout kè nou pou gen bon jan atikilasyon ak lòt òganizasyon ak rezo yo ki gen menm vizyon ak orizon ak nou.

Après apèl sa Pap Franswa te fè nan Jounen Mondyal Migran ak Refijye yo: "*pa gen moun ki ta dwe eskli*", yon apèl ki envite nou travay nan pwojè konstriksyon Wayòm nan, li klè pou nou ke enklizyon migran ki pi vilnerab yo se yon kondisyon ki nesèsè pou atenn objektif sa a; e se poutèt sa nou kwè ke lavni an pral pote gwo limyè esperans pou nou si nou bati li ansanm.

Fèt nan Bogota, le 11 novanm 2022